ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДОКІ

№93 (21.001) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 15, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Къанокъуэ Арсенрэ Кадыров Рамзанрэ гуапэу зэпсэлъащ.

ЛъэныкъуитІми я сэбэп зыхэлъ

зэгурыІуэныгъащІэм Іэ щІадзынущ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Шэшэн Республикэмрэ

Тхьэмахуэ кІуам Президент Кадыров Рамзан я пашэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ Шэшэн Республикэм къикІа ЛыкІуэ гуп. И къулыкъум щытеувэм щыгъуэ Кадыровым жиІауэ щытащ псом япэу ар ди деж къэкІуэну зэримурадыр. Правительствэм и Унэм делегацэр КъБР-м и Президентым щыІущІащ.

Абы къырихьэлІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Бечелов Ильяс, Правительствэм хэтхэр, щІыпІэ самоуправленэм и администрацэхэм я Іэтащ.ъхэр.

Хьэщ.Іэхэр къыщригъэблагъэм, Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ: «Дэ дыхэейщ зызыхъуэж икІи зызыужь Шэшэн Республикэ щыІэну. Дэ дыхуейщ дяку зэкъуэшыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ дэлъыну». 1996 гъэм республикитІым зэращІылІауэ щытащ зэдалэжьыным теухуа зэгурыІуэныгъэ. Къанокъуэ Арсен къыхилъхьащ щыІэ хъуа щытыкІэщІэхэр къыщыгъэлъэгъуа документ ягъэхьэзыру абы Гроэнэ къаланэ Іэ щыщІадзыну икІи къыхигъащ-хьэхукІащ экономикэм и ІэнатІэм щызэдалэжьыным лъэныкъуитІми я сэбэп зэрыхэлъынур и фІэщ зэрыхъур.

Кадыров Рамзан жиІащ щІыхубэр гъэгушхуэныр, мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытныгъэмрэ хъумэныр дэтхэнэ унафэщІми и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Нобэрей зэІуІэр нэхъыбэу зыхуэунэтІар лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэныращ, ди щІалэгъуалэр зауэ хьэргъэшыргъэхэм хэшэныр хуэунэтІауэ, нэгъуэщІ къэралхэм я тІасхъащІэх Іуэхущ.Іапэхэм я лІыкІуэхэм я мурадхэр къызэпыудыныращ. «ПщІэ зиІэ нэхъыжьхэм жаІэм и зэкъуэтыныгъэм дыкъыщхьащІыжынущ. Ди нэхъыжьхэми хуэдэу, а гъэзэгум текІ имыІэу дызэрырикІуэнур къэдгъэлъэгъуэным дэ уасэшхуэ щІэттын хуей хъуащ».

Шэшэн Республикэм мы зэманым къэрал псом щапхъэфІ куэд щегъэлъагъуэ. Къапщтэмэ, Къанокъуэ Арсен къихигъащащ, зауэм и лъхъэнэм зэтракъута хьэблэхэр псынщІэ дыдэу зэрызэфІагъэувэжьыр илъэгъуа нэужь, ди республикэм и ухуакІуэхэм нэхъ жыджэру лэжьыну зэрахуигъэувăр. Урысей къэралыгъуэм дызэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэлъэпІэнум ирихьэлІэу абыхэм театрым, сымаджэщым я унэхэу, школхэу - псори зэхэту ухуэныгъэ 22-рэ хьэзыр ящІыну къапэщытщ.

РеспубликитІым я унафэщІхэр зэакъылэгъу хъуащ центрым щыІэ щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ.Іапэхэм Кавказ Ищхъэрэм хуэгъэзауэ иригъэкІуэкІ политикэр зэрымытэмэмыкІэ. Нобэ абыхэм къалъытэркъым ди щІыналъэм щыщ художникхэм, музыкантхэм, артистхэм, литераторхэм я Іэ зэфІэкІ инхэр хэІущІыІу ящІыпхъэу. Эфир зэманыр, газет напэкІуэцІхэр зыхухахыр ди деж мыхъумыщІагъэ гуэркъэр къызэрыщІыхъуам теухуа хъыбархэрщ.

ЗэІущІэр щиухым, президентхэр тыгъэхэмкІэ зэхъуэжащ. Кадыров Рамзан Шэшэн Республикэм здиштэнущ Іуащхьэмахуэ зэрыт сурэт хьэлэмэтыр, ди деж къыщигъэнащ пасэрей чэщанэр зэрыт сурэтыр. «Дэ Іуащхьэмахуэ диІэкъым, ауэ пасэрей чэщанэхэр иджыри ди щІыналъэм хъума щыхъуащ», - жиІащ Шэшэн Республикэм и Президентым.

Шэшэнэм къикІа хъыщІэхэр Налшык дэт мэжджыт нэхъыщхьэм щыІащ, Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым, Мечиев Кязим и фэеплъу политикэ хабзэншагъэ зыкІэтлъызэрахьахэм я мемориалым дежи щытым удз гъэгъэлъэгъуэ тралъхьащ. А махуэ дыдэм ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щежьэри, гъэзгу теуващ, Урысейм и субъектхэм ящыщу Кадыров Рамзан къыкІэлъыкІуэу щыхьащІэнущ Ярославль областым.

ЮРЬЕВЭ Наталье.

Къанокъуэ Арсенрэ Кадыров Рамзанрэ Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Наградэ къратащ

Урысей Федерацэм и Президентым 2007 гъэм мэлыжьхьым и 27-м кьыдигъэкІа Указ №561-мкІэ, зыпэрыт ІэнатІэм щиІэ екъуІэныгъэ инхэм папщІэ икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кьыхэкІыу, «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и медалым и II нагъыщэр къратащ **Отаровэ Роэз Ахьмэт и ныхэм**, къэрал Іуэхущ.Іапэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страховани.кІэ и фондым и Щыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм - и унафэщІым.

Уэлбанэр зэран хъуми

● Губгъуэ Іуэхуэр

Тэрч районым хьыхь Инарыкъуей жылагъуэм и бджэндырылажьэ щІалэхэм гъэкІуам гъэз бэ кьрахьэлІэжащ, псом хуэмыдэу гуэдзыр хьарзынуэ хьуат.

ХЬЭЦІЭПЭЦЭР тращІауэ щытащ гектар 1566-м. Дэтхэнэ зы гектарми икту иту центнер 35-рэ кьытратат, центнер 45-50 кьызэхьуІа механизатор щхьэхуэхэрэ щыІэщ.

Къуажэ администрацэм и агроном Щомахуэ Аслъэн зэрыжиІэмкІэ, мы гъэм вагъуэ нэхьыбэ яІэщи, хьэцэпэцэу ящІари гектар 1684-рэ мэхъу, абы ящыщу хьэр гектар 67-м трасащ.

Мы махуэхэм къуажэм и мэкъумэщыщІэхэм щІыгъэпшэр халъхьэ. Щомахуэ Аслъэн, Шыху Анзор, Шыдакъ Анзор, Умар Ратмир сымэ я хьэсхэм гъэ кІуам гуэдз гектарым хуэзэу центнер 40-45-рэ кьызэрытрахар зи фІыгъэр щІым зэрегугъуарщ.

Гъатхэ Іуэхуэр зэтрехьэ, дунейм и щытыкІэм лэжьэну Іэмал кьаритркъымэ, Уэфі зэрыхьужу, ахэр губгъуэм ихьэжьынущ.

ХЬІМБЭЗЭР Рашид.

Инарыкъуей къуажэ.

Налшык ягъэщІэращІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум республикэм и къалащхьэ Налшык ещІу зэрыІущІынум иджыпсту еужьырэкІыу хуагъэхьэзыр.

ПСОМ ХУЭМЫДЭУ лэжьыгъэпхуэ щрагъэкІуэкІ хьэщІэхэр ящу зыгъэпІугъэ къалэ къыдыхьэпІэхэрэр уэрам нэхъыщхьэхэрэр. Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым кьатитІу зэтет унэу 5 тетщ. Илъэс 20-м щІигъуащ абыхэм зэремыІуэсэрэ. Идкъы чырбышыр кьаплъэу блынэр кьатхъунщІ, яй, сэху тракІэкІ, махэ хьуа унащхьэхэр зэрахьуэкІ. Унэ хэм я тепІэм кьыдэкІуэу бжэІупэ хэри зыхуеят хуагъаз. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ Іагаринымрэ Кировымрэ я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэми.

Налшык кьаланэ и тепІэр гъэщІэрэщІэжьным текІуадэ ахъшэр федеральнэ бюджетым кьыхокІ. Мы лэжьыгъэхэр зэфІэзыгъэкІыр кьаланэ и 7-нэ ЖЭК-рщ. Абы и унафэщІ Хьэмыкъуэ Мухьэдин зэрыжиІамкІэ, кьыхуагъэува кьаланыр и чэзум зэфІагъэхьІыфынущ. Зыхуеину пкъыгъуэхэмкІи транспортымкІи нэсу кьызэІэпэщащ. Абы Іэмал кьаритащ лэжьыгъэр кьаланэ и район псоми зэгъусэу щыщІадзэну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Зэныбжьэгъугъэм и дамыгъэ ирехъу

Ди республикэр Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и лІыхькІэ Налшык и ипщэ-къуэкІыпІэ куейм Хьэтлохьэщыкьуейм и уэрамым Зэныбжьэгъугъэм и аллее кьыщызэгъэгъэпэщ. Московскэ уэрамым кІуэцІрыкІа бульварым иджыблагъэ блащэ (клен) жыгъащІэу 200 щыхасащ. Махуэшхуэр щагъэлъэпІэну фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу ягъэтІысынущ иджыри жыг 250-рэ.

МОСКОВСКЭуэрамым тет унэ №3-м и пщІантІэм щызэхуэсат ягъэжыгэр зыгъэтІысынуэкІ, кьаланэ и ешІэ-ныкъуэхэм, курыт еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэхэр, сабий садхэм я гъэсэн щыкІуэхэр. Абыхэм я пащхьэм кьыщыпсэльащ Налшык кьалэ администрацэм и унафэщІым и къ уэдэ **Портэ Галинэ**, вет еранэм я Налшык кьалэ советым и унафэщІ **Абдулаев Мустэфа**, КъБР-м и Парламентым Іуэхуэхэмрэ экьыларЫу зэгъэхьэныгъэмкІэ и кьэралкомитетым и унафэщІ **Пащты Борис** сымэ. Абыхэм кьыхагъэщащ зи льаб жьэр ягъэтІылъ жыг хадэр зэрахьэну, кІэлъыплъыну ныбжьыщІэхэм зэращыгугъыр.

Налшык кьалэ и щІалэгъуалэ зэгуэхьэныгъэм и унафэщІ **Лу Азэмэт** къэкІуэнур зей щІэблэм зэрызыхуагъаз.эм кьеджащ. Адэжь эр зытет тхьылымпІэр капсулэм ирапльхьэри, илъэс 50 дэкІмэ, республикэр Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 500 зэрырикъур щагъэтъэпІэм ирихьэлІэу, кьызыкъуахьыжну ягъэтІыс жыг сатырхэм ящыщ зым щагъэтІылъащ.

Дзэрэжэгъуэгъэ гукъыдэжрэ яІэу щІалэгъуалэм жыгхэр хасащ, школакІуэ щІыкІуэхэрэ сабий садхэм я гъэсэнхэмрэ псы щІакІащ. Зэхьыхьэ гуапэр Къэбэрдей-Балъкъэр зауэм университетым и «Амикс» уэрэджыкІакІуэ гупым и концерткІэ ихуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Накъыгъэм и 21-м зыхуэгъэхьэзыр

Лэскэн куейм, гъэ къэси хуэдэу, зыхуегъэхьэзыр Адыгэхэм я фэепль махуэм.

ХАБЗЭхуэхъуэ езыхэм я егъэкІуэкІыкІи яІэжщ: районым и центр Анзорей Щэнхабзэмкі и унэм нэхъыжьхэри щІалэгъуалэри щызэхуос, ди лъэпкъым къытепсыхауэ щыта гуаузм нобэм хуаІэ щытыкІэм, тхыдэжьыжьэм тепсэлъыхьын мурадкІэ. Лэскэн куей администрацэм щэнхабзэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Зихьэ Маритэ зыхэзыриджкІамкІэ, Накъыгъэм и 21-м Щэнхабзэмкі и унэм щагъэльэгъэнущ, езыхэм я кьарукІэ ягъэува «Истамбылакіуэ» спектаклыр. Жылагъуэ библиотекэхэм илъэсищ зауэм теухуа гъэльэгъуэныгъэхэр, щІалэгъуалэм я стІол хьурейхэр щекІуэкІынущ.

Лэскэн куейм и библиотекэ нэхъыщхьэми щагъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэтх, тхакІуэ, усакІуэ щІрыІуэхэм Кавказ зауэм теухуауэ я Іэдакъэ кьыщІэкІа дэжьыгъэхэм я гъэльэгъуныгъэ. Абы кьинэмыщІауэ районым и школхэм тхыдэмкІэ щызэгъадэжьэмрэ класс нэхъыжьхэм щІэс ныбжьыщІэхэмрэ зэпеуэ щыкІэм тету яухуэну псалъэмакъ екІуэкІынущ. КьызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, щІалэгъуалэр тхыдэм куууэ хэгъэгъуэзэныкІэ мыпхуэдэ зэІущІэм мыхьэнэ ни иІэщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Налшык щІыналъэм щызэхуэсахьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Шэшэн Республикэмрэ я ГАЗЕТ

Хабзэхьумэхэм зэхагъэкІ

Оренбург областым щыІэ Орск къалэм гуаузищэу кьыщыхьащ.

Абы и кафе нэхъ зыкъыщыхэм ящыщ зым и кІуэцІым кьыщагъэуащ лагъым. Щыхуэ 19 хэкІуэдащ, зыбжанэ уЗгъэ хъуащ. Хабзэхьумэхэм зэрыжаІэмкІэ, кафер кьагъэуащ, Бзаджащ.Іэхэр хущІэкъуащ езыхэм ялэжьар щІауфэжьну: лІахэм кьыхагъэтащ сэуІэгъэ зытель щыхуэ.

Эстониемрэ щымамыркъым

Эстониемрэ щыхуэхьм зыкъыщаІэт, властхэм зэрахьэ залымыгъэ ямыдэу.

Мэлыжьхьхьым и 26-м яукІащ совет зауэлІ-щхьэхуитщыжакІуэм и феепльр яхьумэн папщІэ къызэхуэсахэм яхэта Ганин Дмитрий. Арщхьэкі Эстониемрэ властхэм щІэпхьаджагъэ зылэжьахэр хуэфащэ жуаупьм ирашэлІэну фэ теткъым.

Якутиемрэ

Сыт щыгъуэ хуэдэу, гъатхэм мы щІыналъэм псыхэр кьыщІоу. Арщхьэкі, ди жагъуэ зэрыхьэнщи, властхэм ар ягу кьыщыкІыкІыр гуаузщ.

Апхуэдэуи кьэхъуащ иджыри. ЩІыналъэм и жылагъуэ куэд бэлыхь хэтщ. Унэ кІуэцІхэм псы щІэтщ. Арщхьэкіэ ахэр зейхэр Іэпхъуэну пІащІэркьым, я мылькур фІадыгъункІэ мэшынэри.

Крайм и жылагъуэ зыбжанэм уаэрылъэІэсыфынур кхъуафэжьейкІэщ.

(ИТАР-ТАСС)

НОБЭ

◆ **Улагъуэм и дунейпсо махуэщ.** 1994 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

◆ Осетие Ищхьэрэ-Аланием щагъэлъапІэ осетиныбзэмрэ литературэмрэ я махуэр.

◆ Журналистхэм я Санкт-Петербург зэгуэхьныгъэм и съезд екІуэкІынущ.

◆ Тампэ (Финляндие) щекІуэкІынущ ЩІмуэпсымрэ псы кьуленгъэхэмрэ ехьэлІа Іуэхуэхэм теухуа дунейпсо конгресс.

◆ Накьыгъэм и 15 - 19-хэм Новгород Ищхьэрэм щекІуэкІынущ Урысей архитектурэхуэныгъэ форум.

◆ Илъэс 70 и пэкІэ (1937) кьалэхуащ США-м и кьэрал секретару щыта (Клинтон Билл и тетыгъуэм щыгъэ) Олбрайт Мадлен.

◆ Урыс тхакІуэ Булгаков Михаил (1891 - 1940) кьыщалъхуа махуэщ.

◆ Илъэс 850-рэ и пэкІэ (1157) Киев лакъуэлІэщ Петрилэ зэхиубла ефэ-ешхэм щхьэхъуэ щрагъэфащ Пасэрей Урысейм и кьэрал лжьакІуэшхуэу щыта, Москва кьызэзыгъэпэща Долгорукий Юрий.

◆ 1919 гъэм кьалъхуащ драматург Акьсыр Залымхан. 1995 гъэм Іаащ.

◆ 1921 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, драматург Дудар Хьэутий. 1994 гъэм Іаащ.

◆ 1942 гъэм кьалъхуащ еджагъэшхуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-мрэ ЩІДАА-мрэ я академик Иуан Петр.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 41-м, кьухьжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 28-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъ 47-рэ.**

ПІалэгъуэ зыгъэхьэзыр **ШАДАМУ Мухьэмэд.**

Ди ІуэрыІуатэ

ЗыгъэгумэкІыныгъэ хэлъ щІалэгъуалэм.

● Гу зытьтапхъэ

"Адыгэ псалъэр" ныфхуэхьыну газетхэм

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2007 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуэхьыну газетхэм Іэ тедзэныр республикэм и пощт Іуэхущ.Іапэхэм мэлыжьхьхьым и 1-м щыщІэдзауэ зэрыщекІуэкІыр фигу къыдогъэкІыж.

Апхуэдэу гу лъыбгъэтэну дыхуейщ газетым и Іэ тедзапщІэр нэхъ пуд зэрыхъуами. Ящ илъэс ныкъуэм сом 338-рэ кІэпІейкІэ 40-рэ хуэдэу щытамэ, 2007 гъэм и етІуанэ Іыхьэм зи уасэр сом 317-рэ кІэпІейкІэ 76-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и язныкъуэ указхэм къару ямыІэжу кьэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и УКАЗ

1. Къару ямыІэжу кьэлъытэн:

«Іуащхьэмахуэ лъапэм щІыр кьызэрыщагъэсэбэным, уухэныгъэхэр зэрыщагъэкІуэкІым хабзэ хэлъхьэным и Іуэхущ.Іэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2004 гъэм щІыщылъэм и 13-м кьыдигъэкІа Указ №1 - УП-м;

«Іуащхьэмахуэ лъапэм щІыр кьызэрыщагъэсэбэным, уухэныгъэхэр зэрыщагъэкІуэкІым хабзэ хэлъхьэным и Іуэхущ.Іэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2004 гъэм щІыщылъэм и 13-м кьыдигъэкІа Указ №1 - УП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн и лъэныкъуэкІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 18-м кьыдигъэкІа Указ №19-УП-м;

«Іуащхьэмахуэ лъапэм щІыр кьызэрыщагъэсэбэным, уухэныгъэхэр зэрыщагъэкІуэкІым екъуІа ІуэхугъуэхэмкІэ республикэ комиссэм хэтхэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхущ.Іэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м кьыдигъэкІа Указ №35-УП-м.

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык кьалэ
2007 гъэм накьыгъэм и 5-м
№34-УП

2007 гъэм и I кварталым щІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ гъэувыным и Іуэхущ.Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УНАФЭ

2007 гъэм мэлыжьхьхьым и 26-м *№111-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ щІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэм и Іуэхущ.Іэ» 2005 гъэм накьыгъэм и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм кьызэрыхьылъхьам хуэдэу, 2007 гъэм и I кварталым щІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр мазэм ику ину сом 2798-рэ, лэжьэгъуэу ныбжьым итхэм папщІэ сом 2993-рэ, пенсионерхэм папщІэ - сом 2148-рэ, сабийхэм папщІэ - сом 2708-рэ хьуэу гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей

Ди ныбжьыкІэхэм я ІуэрыІуатэ

Улахуэм псалъэмакъ къокІ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Президент Тхьэдэущынэ Аслъэнджэрий иджыблагъэ яІущІам Мешкъуаэпэ и пэжыгъуэкІэ и Совет щІыпІэ коммунистхэмрэ я ліыкІуэхэм.***

АДЫГЕЙМ и Президентым и пресс-Іуэхущ.Іапэм кьызэриттамкІэ, ахэр Іуэхугъуэ зыбжанэм тепсэлъыхьащ. Ауэ нэхъыбэу зытрагъэщІар «ТрансОйлСервис» ЗАО-м улахуэмкІэ щІыпІэ кьытена сом мелуанихьр ипшынывэ зэрыхъуну щыкІэрщ.

Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий хьэщІэхэм яжриІащ щыІэ хъуа гугъуехьхэм зэрыщыгъуаззэр, ауэ а Іуэхущ.ІапІэр унейиу зэрыщытым кьыхэкІыу и псалъэ хилъхьэ зэрымыхьунур. Ар кьэралым ейуэ щытамэ, хэкІыпІэ Іуэрэрэри кьэхъуэгъуэтынут. Иджы кьанэр зыщ - Іуэхур судым етынырщ. Езым и лъэныкъэкІэ республикэм и Президентым гъжьаІуэхэр кьитІэгъуэгъащ Іуэхур нэхъ псынщІэу зэфІэкІа хъун папщІэ, щІыпІэ хабзэхэръмэ Іэнатіэхэр абы жьыджэру зиГэлэжьыжьынущ.

Сосналы Сулътіан республикэм къегъэзэж

АБХЪАЗ. ***Республикэм зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр Сосналы Сулътіан езым и фІэфІныныгъэмкІэ и къулыкъэм и пкІыныгъэмкІэ и Президент Бзэгъэпщ Сергей иджыблагъэ пэлъу хуигъэхьаш. Тхьигъэм кьызэрыхьымкІэ, къэрал къулыкъу гъаг зэрихьэну Сосналым и уэнушагъэм къитІэсжыркьым, апхуэдэуи щытхъуа къэбэрдей-Балъкъэрым имыгъэззэжу хъуркьым.**

АБХЪАЗЫМ зыхъумэжьныгъэмкІэ и министрым и къулыкъу кьалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну Кишмарие Мераб и пщэ ирагъэтащ. Абы кьыдэкІуэу Бэтэщ Сергей иджыблагъэ генерал-лейтенант Сосналы Сулътіан хуэзащ икіи, Іуэхур зыІутыр кьыгурІуэу, и пІэлъэр хунщІащ. Абхъазым и Президентым зэІущІэм кьыщыхигъащащ Сосналы Сулътіан цыхъ щэджащэ зэрыщытыр икіи Кавказым и лІыхъужьхэм зэращыщыр. «Абы и фІыгъэкІэ республикэм Іэщэкіэ зэщІэузэда и кьарухэм я зэфІэкІым фІыуэ хэхъуащ», - жиІащ Президентым.

Фигу кьэдгъэкІыжынщи, Сосналы Сулътіан Налшык кьыщалъхуащ, Сызрань дэт дзэавиацэ училищэмрэ Жуковскэм и цІэр зезыхьэ Дзэ-командні.э академиемрэ кьиухащ. СССР-м щІыхь зиІэ и дзэ летчикщ, къэрал дамыгъэхэр иІэщ. 1992 гъэм щащІэдзауэ Абхъазым и Штаб нэхъыщхьэм и унафэщІщ, республикэм зыхъумэжьныгъэмкІэ и министрым и къудамэщ. 1993 - 1996 гъэхэм Абхъазым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру ягъэувыжащ, щІыпІэ правительствэм и вице-премьер кьулыкъур зэрихьащ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● КъБР-м и Парламентым

Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и тхьэмадэм и статусыр

Спикер Бечелов Ильяс иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIуиIэр. Абы Iуэху зэмылIэужьыIуэхэр Iощым щIигъэм щытепсэлъыхьащ.

Депутатхэм ящIыгъуу джащ Президентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэр республикэм и Парламентым щIэныгъэ Къуэшырокъуэ Залым.

«КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и Iуэхухэр» КъБР-м и Законым и 38-1 статьям эхъуэжкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр кьыхилъхьащ Лэжьыгъэмрэ социальэ политикэмкIэ комитетым хэт **Аванесян Сергей**. Абы зэрыжиIамкIэ, субъект куэдым къэзыпщытэкъэзыбж я палатэхэм я тхьэмадэхэм я улахуэр Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэм и улахуэм хуэдизу, языныкъуэ щIыналъхьэм –ар Правительствэм и Унафэщым и улахуэм Iуэху хьуэ щагъэнэжащ. Абы тетуу, дги республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэм и кьылыкIуэ къыхэзыгъэпэщам кьыхэкIыу, депутатым кьыхилъхьащ Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и тхьэмадэм и статусыр Правительствэм и Iэтащ1ъэм и яп къуэдзэм и статусым хуэзыгъэ кьаIэтыну.

Абазэ Руслан, Мэремыкъуэ Сэфарбий, Сэхъу Владимир сымэ я Iуэху ещIыкIэр кьаIуэта нэужь, Президиумым хэтхэм унафэ ящIащ мы документыр хэпIэн папщIэ кьащтэну икIи абы регламентым тету адэкIи елэжьыну.

ЗаконодательствэмкIэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**, Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Малкаров Тэхьир**, абы и кьуэдзэ **Сэхъу Владимир**, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, унвишащ1эр хьэмэныкIэ комитетым и унафэщI **Иванов Игорь**, ЩIихабэзмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкl комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Бабаев Хьусей**, Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпныжмкIэ комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор** Лъжьыгъэмрэ социальэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим**, абы и кьуэдзэ **Джэш ФатIимэ** сымэ кьыхахьхьэри, депутатхэр УФ-м и изгъэущI субъектхэм я парламентархэм законхэр кьэщтэным теухуауэ къагъэхьа жэрдэму 20 хуэдизым хэпIьащ икIи абыхэм ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр кьащтащ.

ЗэIущIэм и кIэухым зи чэзу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм щытепсэлъыхьыж, вице-спикер **Федченко Людмилэ** кьиIэтащ цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм, пыухыкIауэ УФ-м и изгъэущI субъектхэм я парламентархэм законхэр кьэщтэным теухуауэ къагъэхьа жэрдэму 20 хуэдизым хэпIьащ икIи абыхэм ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр кьащтащ.

ЗэIущIэм и кIэухым зи чэзу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм щытепсэлъыхьыж, абыхэм парламентархэр зэрыхэтар газетым и лъжьакIуэхэм гульытэнэщу кьыщагъаIуэ узэрырикъуэIэм и щапхъэхэр. Газетым хуащI дагъуэзэр кьаIуэтащ **Джэш ФатIимэ,** вице-спикерхэу **Бозий Натбий, Берд Хьэрэтэлий,** Парламентым и спикер **Бечелов Ильяс** сымэ. А псалъэмакъым ипкъ иткIэ унафэ пыухыкIа кьащтащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анI1э.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыIыгъхэм ират лэжьапщIэмрэ къэрал къулыкъуэм хиубыдэ Iэнатlэхэм Iут къэрал къулыкъущIэхэм я улахуэхэмрэ я Iуэхухэмрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыIыгъхэм ират лэжьапщIэмрэ къэрал къулыкъуэм хиубыдэ Iэнатlэхэм Iут къэрал къулыкъущIэхэм я улахуэхэмрэ я Iуэхухэмрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къащтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьан, Iэ щIидзын икIи щIыхуэр щыгъуазэ ящIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1110-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыIыгъхэм ират лэжьапщIэмрэ къэрал къулыкъуэм хиубыдэ Iэнатlэхэм Iут къэрал къулыкъущIэхэм я улахуэхэмрэ я Iуэхухэмрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьиштащ 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м

1 статьяу. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыIыгъхэм ират лэжьапщIэмрэ къэрал къулыкъуэм хиубыдэ Iэнатlэхэм Iут къэрал къулыкъущIэхэм я улахуэхэмрэ я Iуэхухэмрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыIэжу къэлъытэн.

2 статьяу. Мы Законым кьару егъуэт ар официальэу кьыщытрадзам и уэрыкIэ махуищ дэкIмэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм накъыгъэм и 11-м
№34-РЗ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Ярин А. В. хуэгъэза парламент ущIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьрита жэуапым и Iуэхухэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэ-коммуналнэ Iуэхутхьбэзэхэм я уасэхэм арэуэру зэрыщыхагъахьуэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым хуэгъэза парламент ущIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым тыжьа жэуапыр хэпIыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псэупIэ-коммуналнэ Iуэхутхьбэзэхэм я уасэхэм арэуэру зэрыщыхагъахьуэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым хуэгъэза парламент ущIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьритыжа жэуапыр кьэлытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ и комитетым хуэгъэзащIэ Iуэхущ1ым энергетикэ и уасэхэм хагъэхьуэну зэрамрадым пыщIа социальнэ зэпщIэтыныгъэ кьэмыгъэхьуным хуэунэтIа Iуэхуэхэр зэфIэгъэIыным теухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Фрадков М. Е. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зэрыкьыхуигъэз тхыгъэм и проектыр игъэхьэзырыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 Б ЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1118-П-П

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Япэ игъэщIыхьэу къалъытэхэр

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен муниципальнэ районхэмрэ къалэр округхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащ1ъэхэр хэту накьыгъэм и 10-м Правительствэм и Унэм иригъэкIуэкIа зэIуиIэм Iуэхугъуитl щыгъэнкьрахащ.

АХЭР теухуат муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм я администрацэхэм я финанс-хозяйствэ щыгъэкIэр зыхуэдэмрэ Президентыр Шэрдж, Лэскан, Май куейхэм я жылагъуэхэм эрыщIыгъам кьрикIуэ-кIэщIу къытеувыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьыхэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу зэфIагъэкIыныкIэ къапэщIытэм икIи ахэр зыхуэдэр игъэнIуащ.

ЙужькIэ зэIущIэм щыэзахьлъхьэжащ мазэ 4 блэкIам кьалэ, район администрацэхэм я лэжьыгъэм кьрикIуаэр.

Бахьсэн муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащ1ъэ **Къуэщысокъуэ Юрэ** кьызэригъэльэгъуамкIэ, нэгъабэ елытауэ мы гъэм губгъуэ лэжьыгъэхэр я куейм нэхъ псынщIэу щокIуэкI. Нобэ ирихьэлIэу бжьыхьэсэ къэкIыгъуэ гектар 8334-рэ игъэпшэращ. Ар илъэс кIуам яхуэзыфIэкIам зыкъомкIэ щIегъу. Апхуэдизу удзыкьыхэр зыгъэкIуэд щхьэхъэжбгъэкIэсу гектар 9566-м халъхьащ.

Гъатхэгъэ гектар 23411-м щрагъэкIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и 10-м хуэзэу гектар 13736-м а лэжьыгъэр щызэфIагъэкIащ, ар кьапэщытым и процент 59-рэ мэхъу.

Иджыпсту еужьорэкIыу нартыхэмрэ сэхэраныбгъэ трасэ, хадэжкIэхэр зэгъэтIыс.

КъуэщIысокъуэ Юрэ зэрыжиIамкIэ, мазэ 4 блэкIам ухуэныгъэ лэжьыгъуэ сом мелуан 44,3-рэ и уасэ зэфIагъэкIащ. Илъэмей кьуаэжм дащIыхь етIуанэ курыт школыр фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу ятыныщ, Къубэ-Тэбэ щащIыр илъэсым и кIэм хъэзыр хъунущ. Куба жылагъуэм къыщрагъэжащ тIысыпIэ 400 зиIэну Щэнхабзэмкl эн унэ, Ислъэмейр Къулыкъужьи Ищхьэрэмрэ псы нэпкъхэр щагъэбыдэ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэ псорин зэраубзыхуам тету ирагъэкIуэкI. Апхуэдизу «Урысеейм и щIыхуэхэм - псэупIэ тэмэм» льэпкъ проектым ипкъ иткIэ зэхалъхьа Iуэхугъуэхэр зытращIыхьам тету зэгъэгъэкI.

«2007 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль гъэзэгъэм зегъэужьын» жьхуиIэ программэм зэрыщыбгъэхуам хуэдэу, кьуажэ муниципальнэ зэгъэгъуэгъэ зэгъэпэщIыжьным мы махуэхэм щIадзэнущ.

«Зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу ди куейм лыуэ тонн 1516-рэ, гъэшу тонн 8747-рэ къышалэжьащ, джэдыкIэу мелуани 5,4-рэ къэпрахащ. Бождвину ттын хуея гектар 45336-р ар зезыхьэфынуэхм кьащтащ, гъатхэгъэ гектар 7183-м щызэфIэдгъэкIащ», - жиIащ Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащ1ъэ **Мамбэт Михаил.**

Абы кьыхэрыхигъащамкIэ, промышленнэ продукцэу сом мелуан 65-рэ я уасэ кьыщIагъэкIащ. Ар зрагъэхъулIэну зыщыгугъам и процент 108-рэ мэхъу. Бюджет лЭэужьыгъуэ псоми налогыу ягъэкIуащ сом мелуан 97,3-рэ икIи абыкIэ кьапэщытым процент 201-кIэ ягъэхэщIащ.

Апхуэдизу Мамбэт Михаил кьытеувыIащ хьэрычэтыщIэ Iуэху мыиным хуащI гульытэм, щIыуэхэр Iэнатlэкl кьыхэрызэгъэпэщIым, хэмыщIащхэм ягъэуэт дэIепыкъуныгъэм, кьагъэсэбэн хуабэмрэ электрокьарпрэ я уасэр зэратым, льэпкъ проектыр зэрагъэзащIэм.

Администрацэхэм я Iэтащ1ъэ псоми зи унафэщI щIыпIэхэм я Iуэху зыIутыр жаIа нэужь, псэупIэм ехьэIа льэныкъуэ куэд кьызэщIиубыдэу зэIуиIэм зэщхьэщыхьэу щызэпкърахащ республикэм и Президентыр Шэрдж. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщ1ым щIэныгъэ, унвишащ1эр хьэмэныкIэ, щIихабэзмкIэ, Май куейхэм зэрыщыIам кьрикIуахэм щрагъэхьэзыра унафэхэр зэрагъэзащIэр. Псалъэмакъым хапащ министерствэхэм я лыкIуэхэри.

Къанокъуэ Арсен зэхьыхэм кьалэм пыухыкIахэр щигъэуващ, пщэрыль хэхъэр щигъэнIуащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей,** абы и кьуэдзэхэу **Тхьэзэпльыж Мурат, Чеченов Ануар,** Президентым и Администрацэм и Iэтащ1ъэ **Къэжэр Альберт,** министрхэр, ирагъэблэгъа кьулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Нобэ дымыхъумэу щытмэ...

● Абы дегъэпIейтей

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бдзэжьейхэр хъумэнымкIэ республикэпсо инспекцэр 2005 гъэм зэхуащIыжри, абы и кьалэнхэр Iэщ1алъхьащ ветеринарнэ, фитосанитарнэ кIэпъыпIэнымкIэ Федеральнэ Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм. ЗэхуащIыжа инспекцэр и гъэбжьыу къызэрагъэпэщащ псым и биологическэ хъугъуэфыгъуэр хъумэнымрэ бдзэжьей ещанэр кьыззэгъэпэщынымкIэ республикэм и Iуэхущ1апIэ, кьудамэ щыхэхуэу Къуэкъыпlэ-Каспийск бассейным и къэрал управлениекъыхьэу. Абы и кьалэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы ежэхэм я биоресурсыр зэрэIэгъэуцужьыну, хъумэныр, гъэбэгъуэныр. Ар зэ еплъыгъуэкIэ тыншу кьытфIэщI щыхьэкIэ, псори дызытегъэзыхьыхьын хуей Iуэхугъуэхэр, гугъуэкьхэр гъунэжщ.

ЦIыхУ КУЭД щыгъуазэщ Тэрч псы ежэхым тет Павлодольскэ плотинэр 1958 гъэ дзэмкIэ зэрылажьэм, ауэ зыми кьыдфIэуэкIыным абы бдзэжьейхэр псым зэрыщызекIуэну дзэкIыпIэ щхьэхуэ зэрымылэр. А щытыкIэм Тэрчыр бдзэжьейиншэ зэрищIыр щIэх тхуэмыгъэзэкIуэжыну тхьэмыщкIагъэщ. А плотинэр ямыуэуэ ипэ Каспий и аргъейр республикэм и псы кьабзэм кьажкIуэртэ, жьилэр щигъэтIылъыкIэрт. Арат ди псы ежэххэм хэз бдзэжьей кьуэлэнкIэ кьыдзикIри. Аргъейр тыншу тенджызыжьей кьиикIыуэрэ ди псы ежэхэм кьызэрыкIуэфым икIи зэригъэзэрыкIуэфым и фIыгъэкIэ ди бдзэжьейхэр хуиту, езыр-езырурэ багъуэт. Ауэ Павлодольскэ плотинэм апхуэдизкIыныкIэр зэтрикьуэтащ. Иджы Каспий и аргъейр, ди псы ежэххэм кьыбгъэдыхьэфкъым, ауэ абы хэс бдзэжьей кьуэдзым и процент 40-р дунейм ехьэлIащ. Ди псы ежэххэм ирехьэхри, Каспий тенджызым хехьэж. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Тэрчым хобзэжькI аргъейри кьуэлэнри. Каспий и аргъейр Урысей Федерацэм и Тхьилъ плъыжьым иратхэнкIэ кьызызэкIа щхьэуэсыгъуэм ящыщщ ари. Ди республикэм и Тхьилъ плъыжьымрэ иратхащ а бдзэжьей лЭужьыгъуэ. А псоми кьыхэкIыу, ихтиолог щIэныгъэлIэхэм лжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIын хуейщ, а бдзэжьей лЭужьыгъуэхэр ди республикэм щыхъумэ зэрыхъунри и Iэмалхэр кьалъхьуэру. Ики абы КъБКъУ-м и щIэныгъэлIэхэм я закъуэ елэжькIэ Iуэхуэ зэфIэкIыныгъуэм. Ар Урысей псом и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэр зэгугъуэн хуей Iуэхущ. Апхуэдабзэу щытыкIэ хьэлъэм итщ республикэм иё бдзэжьей лЭужьыгъуэ 32-м щыщу 12-м я гъащIэр. Абыхэмэ я псэукIэр тенджыз льэныкъуэмкIэ Iэпхъуэ-кIэлъпхъуэжрэ ирахьэкIын хуейщ, кьызэранэкIа плотинэм щхьэдэмыхьжьфу, кьыжьгъэзэжьфу Каспий къыхонэ.

А плотинэм и бдзэжьей зекIуапIэ щхьэхуэ ухуэн зэрыхуейр кьызэрыпIэтрэ куэд щIащ, ауэ зыми дызэхихьым. А ухуэныгъэм текIуэдэнущ сом мелуанищым щIигъу.

1999 гъэм и гъатхэгъэм Осетие Iущхьэрэм щыIэ промышленнэ Iуэхущ1апIэхэм кьагъэсэбэна щхъуэпсыкIыр Тэрч хагъэльадэжри, Плановскэ щыщIэдзауэ Май кьалэ нэс хэсэ бдзэжьейр зэтелIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бдзэжьей инспекцэм кьызэрибжауэ щытамкIэ, подусту, пащIэкIапсэу, акъыу, льэуэлэну, нэгъуэщI бдзэжьей лIэужьыгъуэхэм щыщу мин 30-м щIигъэр псэхэлIэ хъуат. Республикэм и бдзэжьей мылъкум хэщIыныгъэ сом мин 427134-рэ и уасэ игъуэтат.

Абы нэхъ нэхъ Iейжу кьыщIэкIащ 2002 гъэр: мэкъуэгъуэм и 19-м щыщIэдзауэ и 26 хьуху Балъкъ, Бащэсэн псы ежэххэм дыщIэрыпсэлъэну, Iуэхуэр кьэлъэ дыдэ ищIащ, Апхуэдэ псыдзэ 1913 гъэ льандэрэ щыIатэкIым. Псыр ежэхт зы меданым метри 5,5-рэ и уэрагъыу. Абы псым и щIэри щIилъэсыкIри, бдзэжьей жьлэхэри ирихьэхащ. Псыдзэм кьрихьэх фIейм хитхъэлпхьащ бдзэжьей куэд. А кьэхъуащ1эм зыхэпщIэу зэтрикьутащ ди псы ежэххэм я биоресурсхэр.

Ноби ар зэтрезыкьутэ Iуэхугъуэхэр щыIэщ. Икли ахэр кьызыхэкI щхьэусыгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьуажэгъэ хэлъкъым. Аращ дэ тхьигъэкIэ зыщIыхьэзыгъэзар Урысейм и бдзэжьей Iэнатlэм и унафащIым, ди республикэм и псы ежэххэр кьезыгъэлэн хуей Iуэхугъуэхэр гъэзэщIынмкIэ дзэплькъуэгъу кьэтпльхьуэу, КьыззэрытльытэмкIэ, дуней псом дэ фIэкIа зыми имыIэ бдзэжьей лIэужьыгъуэхэр (пащIэкIапсэр, подустыр, нэгъуэщIхэр) щагъэхъу хэзэйствэхэр кьызэзэпэщауэ, ахэр кьэдгу ди куейм хэутIыпщхьэм хуейщ. А Iуэхур дэ кьыддиIыгъащ Урысей Федерацэм Мэкъуэмэ хозяйствэмкIэ и министерствэм. Уеблэмэ мыгувэу лэжьыгъэхэм щIадзэн, Iуэхум текIуэдэну мылъкури кьаутIыпщын хуейщ. Абы кьыхэзыIыу дэри икIэм-икIэжьм щыдгъэтIылъ Iуэхугъуэхэр лэжьын. Ди псыр, ди псыхъэхэр кьащтэн зехьа зэрыхъуну щIыкIэр кьэдмыгъэтынкIэ Iэмал лъэпкъ иIэжжьым.

КРАСНОЖЕН Александр,
«Закаспрыбед» ФГУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафащI.

Унафэщ1 нэс

Къэбэрдеим и кьуажэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ КьыллыщбитльэбэлэкIэ зэдзэкъуэщIэр Налшык слободам пэмыжьыжьу яух ягъащ. Октябрь революцэм и пэ кьихуэу, абы и кьуажэдзэ к уэд хуэущауэ псэуащ. Апхуэдизу, псалъэм папщIэ, щыгъажэхэм хигъэтынуи игъэлажьэнуи щыуэ 100-м, мэлу 600-м щIигъу, нэгъуэщIхэри зиIа Пыхьхьуэ Ботl и кьуэр.



РЕВОЛЮцIэ нэужьым коллективизацэм и лъэхъэнэм Щупагуэ и мылькур арэзыуэ колхозым иритащ1у щытащ. Езыри абы и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ: колхозым Iэжьхэр, гуэхэр, мэкъумэщ хозяйствэм кьыщIэхъэбэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр яхунгъэхьэзырыт. Апхуэдизу лэжьыгъэ Iэнатlэр кьезыхьхьэлIа дадэ Iумахуэр илъэс 90 ныбжьым нэсыху псэуащ. Й щхьэгъуэ Щанхэу пенсэм кIуэну, колхозым щылэжьащ, дуней ехьжащ 1986 гъэм.

Тыхьхьэ зэщхьэгъуэсэхэм льэпкъкъэгъуатэу кьащIэнащ я яхуэ Мухьэмэд, 1953 гъэм абы Нартан курыт еджапIэр кьиухри, армэм ираджащ. Дзэ кьулыкъуэр ирихьэкIыу кьэкIуэжа нэужь, щылэр Налшык дэт политехникум и лэжьыгъуэ, ар кьиухри, унэльащIэ щащ фабрикэм щылэжьащ. ИлъэсипщI дэкIри промкооперацэмкIэ Ленинград дэт еджапIэ нэхъыщхьэр кьиухащ. Пхъэм щелэжьа нэужьым, Мухьэмэд илъэс 25-кIэ щылэжьащ щекым и унафэщIу, инженер нэхъыщхьэу, директору. Илъэсиплкl эр республикэм гъэсынпхьэхэмрэ энергетикэмкIэ и Министерствэм и кьуэдзэ щыIащ. 1980 гъэм кьыщыщIэдзауэ пенсэм кIу зиу, КъБР-м и псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм зэгъэпэщыжьыныгъэмрэ зэхуэныгъэмкIэ и унафэщIу лэжьащ.

Лэжьыгъэ гъэуганэ дахэ зэпызыча, зигъэпсэхуну тIысыжа пенсионерыр Нартан кьуажэм и ветеранэм я совет щыхэхьащ. 2000 гъэ льандэрэр ар абы и унафэщIщ.

Советым и кьалэн нэхъыщхьэр ветеранхэмкIэ щыIэныгъэ зэщIэхъуэныкъуэ зэщIэхъуэныкъуэ, ахэр зыгъэпсэхуэныгъэм кIуэнар кьызэрэпэщыныр, медицинэ дэIепыкъуныгъэ ятынырщ. Апхуэдизу лIыхъужьыгъэ зезыхьа я кьуажэгъуэм я щытхъэмкIэ щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ нэс зэрыратыным яужь итщ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, абы щагъуэта фэбжьым иужькIэ ихьыжажэм я фэеплъ сэш кьужьэм щагъэуващ. Зауэм хэкIуэдахэм я цIэхэр фIащащ уэрам 18-м. Апхуэдэхэщ пасальэм папщIэ, Кларэ, Кьущхьэ, Урыс зэкъуэшхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамхэр, нэгъуэщIхэри. Тыкъуэ щIэныгъэхэм я кандидат Щоджэн Руслан зи унафэщI езанэ кьурыт еджапIэм, цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Алишанов Али-СультIан зи унафэщI 5-нэ школ-интернатым щыIафIдзащ ветеранхэм ятеуха стенд гъэшIэрэшIакъэр.. Уи гур дыхьохъу я езанэ школым и м уэйр щыпшыгъуэ, апхуэдизкIэ дахэу кьыззэгъэпэщащи.

Иджыпсту ветеранхэм я Советым и нэIэ щIэтщ зауэм хэтахэу, зи щхьэгъуэсэжр зауэм хэкIуэдауэ, пенсионерэу ильэс 25-кIэ щылэжьащ щекым и унафэщIу, инженер нэхъыщхьэу, директоруэ. Илъэсиплкl эр республикэм гъэсынпхьэхэмрэ энергетикэмкIэ и Министерствэм и кьуэдзэ щыIащ. 1980 гъэм кьыщыщIэдзауэ пенсэм кIу зиу, КъБР-м и псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм зэгъэпэщыжьыныгъэмрэ зэхуэныгъэмкIэ и унафэщIу лэжьащ.

Лэжьыгъэ ящыщ ар зэрыпсэуа, зигъэпсэхуну тIысыжа пенсионерыр Нартан кьуажэм и ветеранэм я совет щыхэхьащ. 2000 гъэ льандэрэр ар абы и унафэщIщ.

Советым и кьалэн нэхъыщхьэр ветеранхэмкIэ щыIэныгъэ зэщIэхъуэныкъуэ зэщIэхъуэныкъуэ, ахэр зыгъэпсэхуэныгъэм кIуэнар кьызэрэпэщыныр, медицинэ дэIепыкъуныгъэ ятынырщ. Апхуэдизу лIыхъужьыгъэ зезыхьа я кьуажэгъуэм я щытхъэмкIэ щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ нэс зэрыратыным яужь итщ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, абы щагъуэта фэбжьым иужькIэ ихьыжажэм я фэеплъ сэш кьужьэм щагъэуващ. Зауэм хэкIуэдахэм я цIэхэр фIащащ уэрам 18-м. Апхуэдэхэщ пасальэм папщIэ, Кларэ, Кьущхьэ, Урыс зэкъуэшхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамхэр, нэгъуэщIхэри. Тыкъуэ щIэныгъэхэм я кандидат Щоджэн Руслан зи унафэщI езанэ курыт еджапIэм, цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Алишанов Али-СультIан зи унафэщI 5-нэ школ-интернатым щыIафIдзащ ветеранхэм я стенд гъэшIэрэшIакъэр.. Уи гур дыхьохъу я езанэ школым и м уэйр зейр щыпшыгъуэ, апхуэдизкIэ дахэу кьыззэгъэпэщащи.

Иджыпсту ветеранхэм я Советым и нэIэ щIэтщ зауэм хэтахэу, зи щхьэгъуэсэжр зауэм хэкIуэдауэ, пенсионерэу ильэс 25-кIэ щылэжьащ щекым и унафэщIу, инженер нэхъыщхьэу, директоруэ. Илъэсиплкl эр республикэм гъэсынпхьэхэмрэ энергетикэмкIэ и Министерствэм и кьуэдзэ щыIащ. 1980 гъэм кьыщыщIэдзауэ пенсэм кIу зиу, КъБР-м и псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм зэгъэпэщыжьыныгъэмрэ зэхуэныгъэмкIэ и унафэщIу лэжьащ.

Лэжьыгъэ ящыщ ар зэрыпсэуа, зигъэпсэхуну тIысыжа пенсионерыр Нартан кьуажэм и ветеранэм я совет щыхэхьащ. 2000 гъэ льандэрэр ар абы и унафэщIщ.

Советым и кьалэн нэхъыщхьэр ветеранхэмкIэ щыIэныгъэ зэщIэхъуэныкъуэ зэщIэхъуэныкъуэ, ахэр зыгъэпсэхуэныгъэм кIуэнар кьызэрэпэщыныр, медицинэ дэIепыкъуныгъэ ятынырщ. Апхуэдизу лIыхъужьыгъэ зезыхьа я кьуажэгъуэм я щытхъэмкIэ щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ нэс зэрыратыным яужь итщ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, абы щагъуэта фэбжьым иужькIэ ихьыжажэм я фэеплъ сэш кьужьэм щагъэуващ. Зауэм хэкIуэдахэм я цIэхэр фIащащ уэрам 18-м. Апхуэдэхэщ пасальэм папщIэ, Кларэ, Кьущхьэ, Урыс зэкъуэшхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамхэр, нэгъуэщIхэри. Тыкъуэ щIэныгъэхэм я кандидат Щоджэн Руслан зи унафэщI езанэ курыт еджапIэм, цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Алишанов Али-СультIан зи унафэщI 5-нэ школ-интернатым щыIафIдзащ ветеранхэм я стенд гъэшIэрэшIакъэр. Уи гур дыхьохъу я езанэ школым и м уэйр зейр щыпшыгъуэ, апхуэдизкIэ дахэу кьыззэгъэпэщащи.

Иджыпсту ветеранхэм я Советым и нэIэ щIэтщ зауэм хэтахэу, зи щхьэгъуэсэжр зауэм хэкIуэдауэ, пенсионерэу ильэс 25-кIэ щылэжьащ щекым и унафэщIу, инженер нэхъыщхьэу, директоруэ. Илъэсиплкl эр республикэм гъэсынпхьэхэмрэ энергетикэмкIэ и Министерствэм и кьуэдзэ щыIащ. 1980 гъэм кьыщыщIэдзауэ пенсэм кIу зиу, КъБР-м и псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм зэгъэпэщыжьыныгъэмрэ зэхуэныгъэмкIэ и унафэщIу лэжьащ.

Лэжьыгъэ ящыщ ар зэрыпсэуа, зигъэпсэхуну тIысыжа пенсионерыр Нартан кьуажэм и ветеранэм я совет щыхэхьащ. 2000 гъэ льандэрэр ар абы и унафэщIщ.

Советым и кьалэн нэхъыщхьэр ветеранхэмкIэ щыIэныгъэ зэщIэхъуэныкъуэ зэщIэхъуэныкъуэ, ахэр зыгъэпсэхуэныгъэм кIуэнар кьызэрэпэщыныр, медицинэ дэIепыкъуныгъэ ятынырщ. Апхуэдизу лIыхъужьыгъэ зезыхьа я кьуажэгъуэм я щытхъэмкIэ щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ нэс зэрыратыным яужь итщ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, абы щагъуэта фэбжьым иужькIэ ихьыжажэм я фэеплъ сэш кьужьэм щагъэуващ. Зауэм хэкIуэдахэм я цIэхэр фIащащ уэрам 18-м. Апхуэдэхэщ пасальэм папщIэ, Кларэ, Кьущхьэ, Урыс зэкъуэшхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамхэр, нэгъуэщIхэри. Тыкъуэ щIэныгъэхэм я кандидат Щоджэн Руслан зи унафэщI езанэ курыт еджапIэм, цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Алишанов Али-СультIан зи унафэщI 5-нэ школ-интернатым щыIафIдзащ ветеранхэм я стенд гъэшIэрэшIакъэр. Уи гур дыхьохъу я езанэ школым и м уэйр зейр щыпшыгъуэ, апхуэдизкIэ дахэу кьыззэгъэпэщащи.

Иджыпсту ветеранхэм я Советым и нэIэ щIэтщ зауэм хэтахэу, зи щхьэгъуэсэжр зауэм хэкIуэдауэ, пенсионерэу ильэс 25-кIэ щылэжьащ щекым и унафэщIу, инженер нэхъыщхьэу, директоруэ. Илъэсиплкl эр республикэм гъэсынпхьэхэмрэ энергетикэмкIэ и Министерствэм и кьуэдзэ щыIащ. 1980 гъэм кьыщыщIэдзауэ пенсэм кIу зиу, КъБР-м и псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм зэгъэпэщыжьыныгъэмрэ зэхуэныгъэмкIэ и унафэщIу лэжьащ.

Лэжьыгъэ ящыщ ар зэрыпсэуа, зигъэпсэхуну тIысыжа пенсионерыр Нартан кьуажэм и ветеранэм



хэм я Советым и лэжьэкIэр щрейхэм щапхъэу хуагъэзыгъэ зу.

Советым и пэшым стенд зыбжанэ щыкIэдзащ. СтIолыщхьэхэм телъщ ветеранхэм я сурэтхэр зыщIэль альбомхэр. Абыхэм урипльэуу ящ нэгу кьыщIоувэж кьуажэдзэхэр ерыщу, лIыхъужьыгъэ яхэлIу нэмыщэ зэрыпльэкIуэхэм зэрапэщIэтар. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдыр я зауэ лъгъейм хэзыдзащ.

Ильэс кьэс ветеранхэм зыкъыщIагъакъуэ район, кьуажэ администрацэхэм, «Нартан» мэкъумэщ хозяйствэм, кьуажэдзэхэм. Зы Iуэхугъуэ екIуэкIыркъым вете

Лъэныкъуибл КІэ щыгъэокІыр гъуэгущхьибл. Зыр кІыхьэмэ, адрейхэм ябловныкІ. Зы гъуэгу закъэрщ, гъабгуэ пэжырщ узыхуейр, ГъащІэ Іыхьэр щыбгъэкІуэну мы дунейм...

УЭРЭЗЕЙ Афлик.

***Илъэс щэ ныкъуэ и пэкІэ щыла гъащІэр нобэ куэдым я дежкІэ тхыдэщ. Абы щыгъуэ кІыхьалъхьа Іуэхугъуэхэр, зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэр ди нэгу кІыщІитІэхьэу, дымыщІэм дыщигъэгъуазэу ди псэльагъуэ ЙыБР-м и идыхьей тхыдэ дэфтэрхэмкІэ и управленэм и унафэщІ, республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Ащхъуэт Рансэ. Абы ещта ятІэ ущІэрэ кІыныІэуахэрэ зыгеухуар Къэбардейр езыр фІэфІу Урысеим зэрыгуэхэрэ илъэс 400 щрикъур зэрагъэлъэпІам дыуеупГъэкІыжьыныкъэ гупсысэ гуэр, дерс пыухыкІа кІыхьэхэм хъунуэр гупсысэ гуэр, дерс пыухыкІа кІыхьэхэм хъунуэр гупсыгъэшІэу къздмыгъэнэнымрэщ.**

- Пэ жщ, а Іуэхугъуэшхэм теухуа гъэщІэгъэ Іуэн куэд щІэпщІ ди архивым. УщрилъэкІыжи хъунущ, узыхэпІьэни кІызыкІэпхьини гъунэжу щыІэщ. Нэхьапэу кІыхьэгъэщІынут илъэс 400-р гъэлъапІэным пасэу зыхуэгъэхьэзырым щІадзауэ зэрыщытар. Ар документэм белджылыуэ къыщІэкІынкІэ гъуэщ: КПСС-м и ЦК-м, ЦК-м и Президиумым, РСФСР-м и Министрхэм я Советым ди республикэ унафэщІхэм хуабгъэхьа тхыгъэ хэм, зэрызэхуагъэзэа пъэІуэм япкъ ит унафэ къэралым къыщыдгъуэ щытауэ щытащ, 1955 гъэм и мэлыжьыхь мазэм ЦК-м, фокІадзэм и 2-м РСФСР-м и Правительствэм, а гъэ дыдэм и дыгъэгъазэ мазэм ЦК-м и Президиумым хуэтхаущ. 1956 гъэм накъыгъэм и 16-м къэрал Правительствэм аргуэру зы унафэ кІыдигъэкІащ гуфІэгъуэ зэ хьэхьэхэр зэрекІуэкІынымрэ абы ирихьэлІэу зэфІэхьапхьэ хэмрэ щыубыслъхуэу. Мис а документиплам къагъэлъагъуэ Совет Союзым и къэрал унафэщІхэр жэуапдыныгъэшхуэу пыІьэу мы Іуэхум зэрыбгъэдыхьар.

- Апхуэдэ гупльитэ зэрыщыІар тщымыбгъупщІэныр нэ хьыфІщ. Сыт дыдэмкІэ хуэхъуэар а унафэхэр гъэзэщІа хъунымэ? МытъкъкІэ е нэгъуэщІ хэкІыпІэ гуэркІэ республикэм зыкъыщІагъэкъуат абы щыгъуэ?

